

# SIGAL LA AK FOUMI AN: YON FAB AESOP

Nan yon chan, yon jou ete, yon Sigal t ap sote ponpe epi chante jan l vle. Yon foumi t ap pase, pandan l ap redi ak yon zepi mayi pou l pote l nan nich li.

sigal la di “Poukisa ou pa vin bay blag ansanm avè m” “olye w ap redi epi travay di konsa?”


Foumi an di “Mwen ap sanble manje pou sezon ivè a” “epi mwen rekòmande w pou w fè menm bagay la”.

Sigal la di “Poukisa w ap tiye tèt ou pou sezon ivè a”. “Nou plen manje kounya.” Men Foumi an kontinye sou chimen l epi l kontinye ap fè travay li.

Lè sezon ivè a rive, Sigal la pa t gen manje epi li t ap mouri ak grangou—pandan li t ap gade foumi yo k ap distribye mayi ak sereyal yo te ranmase mete nan rezèv yo chak jou pandan sezon ete a. Lè sa Sigal la te vinn rann li kont li preferab pou fè preparasyon pou jou k ap gen nesesite yo.



# SÈK RESPONSABILITE



# 5 ETAP POU RIVE NAN ANPATI

## ETAP 1: PRETE ATANSYON!

- Kisa zanmi w lan ap di?
- Kòman ou ta ka dekri langaj kòporèl li?




## ETAP 2: KONEKTE!

- Kreye yon lyen pèsonèl ak fason zanmi w lan santi l la.
- Kilè ou te viv menm sansasyon sa?



## ETAP 3: IMAJINE!

- Kijan ou panse zanmi w lan santi l kounye a?
- Kijan ou t ap santi w si sa ta rive w?



## ETAP 4: POZE KESYON!

- Mande zanmi w lan ki jan li santi l.




## ETAP 5: AJI!

- Tande ak atansyon zanmi w lan k ap pale de santiman l yo.
- Itilize mo ak aksyon k ap montre zanmi w lan li konte pou ou.



# 6 OUBYEN 9?



# ANALIZ SENARYO ANPATI YO

Non: \_\_\_\_\_

1. Kòman ou panse moun ki nan senaryo sa yo ap santi yo?
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
2. Kòman sitiyasyon sa yo t ap fè w santi w?
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
  
3. Si ou remake sitiyasyon sa yo nan lavi reyèl, kisa ou ka fè pou w montre anpati w anvè moun sa yo?

# KAT SENARYO ANPATI



Pi bon zanmi w lan, Sara jalou pou nouveau zanmi ou fè a, Leila. Yon jou nan liy ki trase pou machin ki nan lari yo, Sara kòmanse ap fè blag ak move kòmantè sou machin manman Leila ap kondi a. Pa aza, Leila tande sa epi sa anbarase l; ou konnen manman Leila pèdi travay li. Kisa ou ta dwe fè?

Pi bon zanmi ou Mateo kòmanse ap fawouche Chris paske l li dousman. Premyeman ou te panse sa te amizan men komantè yo vin pa bon. An reyalite, Chris anbarase kounya pou l li fò nan klas la epi li bese tèt li chak fwa yo rele l pou l reponn yon kesyon. Lòt elèv yo nan klas la toujou panse kout ri Mateo yo ak komantè li yo amizan lè Chris gen pou l li. Kisa ou ta dwe fè?

Yon tiran nan lekòl la ak plizyè zanmi l antoure yon elèv nan rekreyasyon an. Y ap fè blag sou tenis li yo ki sal. Kisa ou ta dwe fè?

Timoun yo chwazi ekip pou yon match bezbòl pandan edikasyon fizik la. Gen 2 elèv ki rete men kapitèn yo pa vle chwazi yo. Kisa ou ta dwe fè?

Shania ap fè yon fèt anivèsè. Tout klas la envite sof yon elèv. Kisa ou ta dwe fè?

Yon nouveau elèv antre nan klas ou a avèk gwo linèt. Kèk nan lòt elèv yo nan klas la kòmanse ri. Pandan dejene a li chita poukонт li. Kisa ou ta dwe fè?

Yo voye yon mesaj pou fè blag sou yon kamarad nan klas la ba ou ak lòt elèv nan klas la. Kamarad y ap fè blag sou li a nan mesaj la pa okouran de mesaj sekrè sa k ap sikile nan gwoup la. Kisa ou ta dwe fè?

Kayla gen yon nouveau koup epi pa aksidan kwafè a koupe cheve l pi kout pase sa l te vle a. Tout zanmi w yo ap di li sanble ak yon ti gason. Kayla fache. Kisa ou ta dwe fè?

# KAT SENARYO RESPÈ

<p><b>Kat 1</b></p> <p>Pwofesè Johnny an mande elèv yo nan klas la pou yo pran liv matematik yo a ak kreyon yo. Johnny fache paske li blyie fè devwa l yo epi li pa mete ni matematik la ni kreyon an deyò. Lè Pwofesè li a raple l konsiy yo, li toujou pa fè sa. Èske Johnny respekte moun? Kisa Johnny ta dwe fè pou l montre li respekte pwofesè a?</p>	<p><b>Kat 2</b></p> <p>Sarah nan pak la; li jete sachè frit li sot manje a atè a epi l kouri al jwe sou balanswa yo. Èske Sarah respekte kominote a? Kisa Sarah ta dwe fè pou l montre li respekte kominote a?</p>
<p><b>Kat 3</b></p> <p>Ben ap kouri nan koulwa a pou l al nan twalèt. Yon pwofesè li pa konnen di l pou l mache pito. Ben pa koute pwofesè a, li kontinye ap kouri. Èske Ben respekte moun? Kisa Ben ta dwe fè pou l montre li respekte moun nan lekòl la?</p>	<p><b>Kat 4</b></p> <p>Pwofesè Anna a di elèv yo nan klas la pou yo mete tablèt yo la epi pou yo retounen nan plas yo. Anna vle fini jwèt li t ap jwe a, li pa koute pwofesè a epi li kontinye ap jwe sou tablèt la. Èske Anna respekte moun? Kisa Anna ta dwe fè pou l montre li respekte pwofesè a?</p>
<p><b>Kat 5</b></p> <p>Ekip bezbòl Eric la pa genyen pati a. Eric te vrèman fache. Lè lè a te rive pou tou de ekip yo bay lanmen, Eric te chita sou ban an epi li refize bay lòt ekip la lanmen. Èske Eric respekte moun? Kisa Eric ta dwe fè pou l montre li respekte moun?</p>	<p><b>Kat 6</b></p> <p>Manman Sean di l li paka al jwe ak zanmi l yo toutotan li pokò netwaye chanm li an? Sean pa t vle netwaye chanm li an men li vrèman vle al jwe deyò. Sean te monte nan etaj la epi li netwaye chanm li an jan manman l te mande l la. Èske Sean respekte moun?</p>
<p><b>Kat 7</b></p> <p>Grann Serena fè espageti pou dine an. Serena pa renmen espageti. Sou tab la, li rele sou grann lan epi li di l se moun ki pi pa konn fè manje. Èske Serena respekte moun? Kisa Serena ta dwe fè pou l montre li respekte grann li?</p>	<p><b>Kat 8</b></p> <p>Pandan seyans Montre epi Esplike a, de ti gason kòmanse ri lè yon kamarad yo ap pale de fim li pi renmen an. Yo ri epi yo di se yon fim ki raz. Èske elèv sa yo te montre yo gen respè pou kamarad yo a? Kisa yo ta dwe fè pou yo montre yo gen respè pou li?</p>

# MONTRE RESPÈ

Kòman Mwen Ka Montre m Respekte Moun?

Nan Lekòl la



Lakay la



Nan Kominote a



# FRAZ SENP SOU ENTGRITE

“Entegrite reyèl la se fè sa ki bon, menmsi ou konnen okenn moun p ap okouran”

“Entegrite se chwazi panse ak aksyon ki baze sou valè olye de pwofi pèsonèl”

“Nenpòt moun ki neglige laverite nan ti bagay, yo paka fè l konfyans nan bagay ki enpòtan.”

“Moman an toujou bon pou w fè bon bagay.”

“Entegrite se fè bagay ki bon an menmsi pa gen okenn moun k ap gade w.”

“Sajès se konnen ki bon chimen pou w suiv...entegrite se antre nan chimen an.”

“Se pa sa nou fè an piblik men se chimen nou pran an ak pratik sekrè nou yo ki ban nou entegrite.”

“Onètete ka pa fè w gen anpil zanmi men w ap toujou gen zanmi ki bon”

# SENARYO DEFI SOU ENTEGRITE

*Li senaryo sa yo pou klas ou a. Elèv yo dwe chwazi sa yo t ap fè pou chak senaryo epi al bò kote moun ki koresponn ak yo a nan sal la-1 oswa 2.*

1. Zanmi w lan vini epi nou tou de sou òdinatè manman w lan. Zanmi w lan vle ou ale sou yon sit entènèt ou konnen manman w pa vle w vizite. Sepandan, manman w al lakay vwazen an pandan kèk minit, ou menm ak zanmi w lan poukont nou. Èske w ap...

**Chwa 1:** ...vizite sit entènèt la? Manman w pa nan kay la kounya epi li gen dwa pa janm konnen si ou vizite l.

**Chwa 2:** ...di zanmi w lan ou dwe vizite yon lòt sit entènèt oswa fè yon lòt bagay? Ou ka gen pwoblèm si ou vizite sit entènèt sa.

2. Ou pa t gen tan etidye pou tès vokabilè ou a epi grann ou te di w ou dwe fè "A" pou tès la pou w ka al nan sant kòmèsyal la avè l pou wikenn sa. Pandan tès la, ou remake ou ka gade repons elèv ki chita bò kote w la byen fasil. Èske w ap...

**Chwa 1:** ...kopye tès elèv la? Ou konnen li etidye epi li pwobab pou l jwenn bon repons yo.

**Chwa 2:** ...chwazi pou fè travay pa w? Ou ka pa fè "A" men ou pa kopye.

3. Ou wè pi bon zanmi w lan ap vòlè lajan nan valiz yon lòt elèv nan sal klas ou a. Èske w ap...

**Chwa 1:** ...di pwofesè a sa w wè a? Ou konnen zanmi w lan ka fache men elèv nan klas ou a kounya pa gen lajan pou l manje.

**Chwa 2:** ...p ap di anyen? Se pa ou ki te vòlè lajan an.

# PANSE POZITIF

Mwen entèlijan.

Mwen travay di.

Mwen se yon bon zanmi.

Mwen responsab.

Mwen serye.

Mwen amizan.

Mwen brav.

Mwen bon nan espò.

Mwen se yon gwo lektè.

Mwen itil.

Mwen bon nan matematik.

Mwen respekte moun.

Mwen atiran.

Mwen janti.

Mwen kreyatif.

# PANSE NEGATIF

Mwen estipid.

Mwen pa janm fè anyen ki bon.

Mwen pa bon menm nan espò.

Pa gen okenn moun ki vle zanmi m.

Tout bagay difisil.

Mwen paka desinen.

Tout moun mechan.

Pwofesè mwen an toujou ap rele sou mwen.

Mwen rayi matematik.

Gran frèm lan pa janm vle jwe avè m.

Rekreyasyon raz.

Mwen se moun ki pi pa konn li.

M ap echwe nan lekòl la.

Yo toujou ap rele sou tèt mwen pou m fè travay nan kay la.

Mwen pa janm fè anyen ki amizan.

# OBJEKTIF PÈSEVERANS LAN

Objektif alontèm mwen yo se: \_\_\_\_\_

---

---

Lè mwen atenn objektif mwen, se ap tankou...

# OBJEKTIF PÈSEVERANS LAN


Lè mwen atenn objektif mwen, se ap tankou...

<u>Objektif Akoutèm I:</u>	<u>Kisa m ap bezwen:</u>	<u>Sa m dwe fè:</u>	<u>VIZYÈL:</u>
<u>Objektif Akoutèm I:</u>	<u>Kisa m ap bezwen:</u>	<u>Sa m dwe fè:</u>	<u>VIZYÈL:</u>
<u>Objektif Akoutèm I:</u>	<u>Kisa m ap bezwen:</u>	<u>Sa m dwe fè:</u>	<u>VIZYÈL:</u>
<u>Objektif Akoutèm I:</u>	<u>Kisa m ap bezwen:</u>	<u>Sa m dwe fè:</u>	<u>VIZYÈL:</u>
<u>Objektif Alontèm:</u>		<u>VIZYÈL:</u>	

# EGZANP “MESAJ-OU”

Li tèks konvèsasyon sa ant Naomi (*mesaj an blan*) ak zanmi l lan (*mesaj en ble*).

Kijan ou t ap santi w si w te zanmi Naomi an?



# “MESAJ-MWEN”

Enstriksyon: Li egzanp sa yo.

Imajine sa yo ta rive w, après ekri pwop “Mesaj-mwen” ou pou chak egzanp.

## EGZANP:

Manman w ap fè w koupe cheve w anvan w al vizite gran paran w yo.  
Men ou vle cheve w rete jan l ye a.

Mwen santi m boulvèse

lè ou fè m chanje kwafi mwen

paske Mwen renmen fason cheve m ye a.

1. Yon kamarad nan ekip la te ap fawouche w pou tenis ou mete pou  
w vin antrene a.

Mwen santi m \_\_\_\_\_

lè ou \_\_\_\_\_

paske \_\_\_\_\_

Kamarad klas ou yo pa vle kite w antre nan jwèt yo a nan rekreyasyon an.

Mwen santi m \_\_\_\_\_

lè ou \_\_\_\_\_

paske \_\_\_\_\_


2. Frè w la oswa sè w la rele w “entèlo” paske ou renmen li.

Mwen santi m \_\_\_\_\_

lè ou \_\_\_\_\_

paske \_\_\_\_\_

# REZOUD KONFLI VWAYANT



# EMOJI EMOSYONÈL



# LIS SENARYO PRESYON KAMARAD YO


1. Ou menm ak yon gwoup zanmi ap jwe foutbòl sou yon teren bò lakay ou. Yo te di w pou w rantre lè I fè nwa. Jis anvan I fènwa, yon timoun ki popilè nan vwazinaj la envite ou menm ak gwoup zanmi w lan pou n al jwe “night tag” nan jaden li. Tout zanmi w yo deside ale men ou konnen y ap tann ou lakay ou depi I fènwa.
2. Pandan kou enfòmatik la, youn nan kamarad klas ou yo ale sou yon sit entènèt ou konnen yo pa otorize nan lekòl la. Li vle ou ale sou sit entènèt la tou pou li ka montre w yon videoyo ki “koul”. Kamarad klas ou a di ou se animal domestik pwofesè a ou ye si w toujou swiv règ lekòl la.
3. Geraldo vrèman bezwen yon pè kranpon pou foutbòl. Grann li depoze li nan yon sant kòmèsal epi li ba li kòb pou li achte yon tenis anndan an. Pandan I ap mache nan depatman bagay pye a, li remake yon gwoup jwè foutbòl ki gen menm chòt foutbòl. Malgre li te bezwen kranpon foutfòl la depi byen lontan, Geraldo santi li oblige koul epi adapte I ak lòt jwè foutbòl yo.
4. Nan trajè a nan bis la pou al lekòl la, gen yon kamarad klas ki mande Naquan si I ka kopye devwa I yo. Naquan vle di non paske li konnen sa se triche. Men kamarad klas li a di I “Se sèlman entelo (nerds) ki refize pataje repons yo. Eske ou vle yo rele ou entelo?”
5. Lè DeAnna nan lekòl dans lan, nouvo tifi ki nan lekòl li a ap eseye vini epi rantre nan sèk dans zanmi I yo. Tout zanmi DeAnna yo kòmanse ap gade tifi a epi deplase pou yo pa kite I antre. DeAnna remake nouvo tifi a vrèman poukонт li men I pa vle “pa parèt koul” nan zye zanmi I yo.
6. Rachel te chita trankil nan klas la, ap li yon liv jan pwofesè I la te mande sa. Toudenkou, pi bon zanmi I lan chita bò kote I epi mande I pou I pase yon mesaj bay yon lòt zanmi. Rachel estrese pou I pa nan pwoblèm men Leilani menase I ke li p ap pi bon zanmi I ankò si I pa pase mesaj la.

# DYAGRAM KARATERISTIK



Egzanp

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_



Egzanp

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_



Egzanp

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_



# TABLO SITWAYÈNTE

**Mwen pral fè monn sa tounen yon  
pi bon kote lè...**

Nan lekòl la	Lakay la	Nan kominote mwen an